# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–09 जुलाई 2025 भोजपुरी समाचार

प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु अयोध्या धाम से एक पेड़ मां के नाम अभियान के दुसरका फेरा में वृहद पौधरोपण महाअभियान क सुरूआति कइलें। मुख्यमंत्री एगो सोसल मीडिया पोस्ट के जरिया से प्रदेसवासियन के येह अभियान क हिस्सा बनले क अपीलि कइलें। उहां के कहलीं कि लोगि अपने–अपने घर में एक–एक पौधा लगा के धरती मइया अउर अपने माता बदे कृतज्ञता जतावें।

एहसे पहिले अयोध्या धाम में पौधरोपण के बाद जनसभा के सम्बोधित करत मुख्यमंत्री पर्यावरण संरक्षण के महातम के रेखांकित कइलें। उहां के कहलीं कि तकनीक क बढियां इस्तेमाल करत एगो नियोजित अउर वैज्ञानिक कोसिस के जरिया से हम पर्यावरण क रक्षो कइ सकेलीं अउर मानवता के उज्ज्वल भविस्य क राहियो देखा सकेलीं।

**दोनों में संतुलन बना करके जब हम चलेंगे तो उसके परिणाम सामने आएंगे और आज से आठ वर्ष पहले इसी भाव के साथ हम लोगों ने उत्तर प्रदेश में वृक्षारोपण महाभियान के इस कार्यक्रम का शुभारंभ किया था।**

मुख्यमंत्री आजमगढ़ जिलो में एक पेड़ मां के नाम अभियान के दुसरका फेरा में आयोजित कार्यक्रम में हिस्सा लिहलें अउर पौधो लगवलें।

मुख्यमंत्री अजुये संझा गोरखपुर पहुंचलें। उहां के गुरु गोरक्षनाथ क पूजा–अर्चना कइले के बाद गोरखोपुर में पौधरोपण महाअभियान में हिस्सा लिहलीं अउर जनसभा के सम्बोधित कइलीं। प्रदेस के अउरियो जिलो में मंत्री, जनप्रतिनिधि आ अउरियो जानल–मानल लोगि पौधा लगा के पर्यावरण संरक्षण क सनेसा दिहलें।

आकाशवाणी गोरखपुर परिसरो में अभियान के तहत आजु अधिकारी अउर करमचारी लोगि पौधा लगवलें। येह मौका पर आकाशवाणी गोरखपुर क निदेसक राहुल सिंह अउर समाचार सम्पादक प्रेम चन्द्र गुप्ता के अगुआई में कई तरह क पौधा लगावल गइल।

**********

सावन महिन्ना में बनारस में काशी विश्वनाथ धाम आवे वाला सरधालुअन के सुविधा बदे पुरहर इतिजाम कइल जा रहल हौ। सरधालुअन के बढ़िया से दरसन पूजन बदे काशी विश्वनाथ धाम में परवेस करे खातिर पांच गो राहि क व्यव्स्था कइल गइल हौ। हमरे प्रतिनिधि बतउले कि सरधालुअन बदे कुल पांच जगहिन पर चिकित्सकन क टीमि तैनात कइल जाई सथही एडवांस लाइफ सपोर्ट एम्बुलेंसो क इतिजाम रही। बनारस क पुलिस आयुक्त मोहित अग्रवाल बतउले कि धाम के आवे वाला कांवड यात्रियन बदे राहि में पड़े वाला पुलिस चौकियन पर खास इतिजामों कइल गइल हौ। येह चौकियन पर फर्स्ट एडो क व्यव्सथा रही। गंगा नदी के बढ़ि रहल जलस्तर के देखत सरधालुअन क सुरक्षा बदे पुरहर इतिजाम कइल गइल हौ।

**********

प्रदेस भर में आजु से एक महिन्ना खातिर बाल स्वास्थ्य पोसण माह क सुरूआति हो गइल। एहमें नियमित टीकाकरण सत्रन पर पांच सालि तक ले क लइकन के विटामिन–ए क दवाई पियावल जाई। गोरखपुर जिला में एडी हेल्थ डॉक्टर जयंत कुमार, सीएमओ डॉ राजेश झा अउर जिला महिला अस्पताल क मुख्य चिकित्सा अधीक्षक डॉक्टर जय कुमार जिला महिला अस्पताल परिसर में लइकन के दवाई पिया के अभियान क उद्घाटन कइलें एडी हेल्थ बतवलें कि कई गो बेमारियन से बचावे अउर रोग प्रतिरोधक क्षमता बढ़ावे बदे नौ महिन्ना से पांच सालि क उमिरि के लइकन के नौ बेरि विटामिन–ए क दवाई पियावल जरूरी हौ।

**********

वैश्विक आतंकवाद वित्तपोषण निगरानी संस्था, वित्तीय कार्रवाई कार्य बल–एफएटीएफ कहले हवे कि भारत में आतंकवादी हमला बदे सामग्री क खरीद में ई–कॉमर्स प्लेटफॉर्म क इस्तेमाल कइल गइल हौ। एगो रिपोर्ट–

**जम्मू–कश्मीर के पुलवामा और उत्तर प्रदेश के गोरखनाथ मंदिर में हुए आतंकवादी हमलों के सिलसिले में यह बात सामने आई। एफएटीएफ ने आतंकवादी वित्तपोषण जोखिमों पर एक व्यापक रिपोर्ट में कहा कि सोशल मीडिया, मैसेजिंग एप्लिकेशन और क्राउडफंडिंग साइट जैसे डिजिटल प्लेटफॉर्म का दुरुपयोग आतंकी गतिविधियों के लिए वित्तीय सहायता मुहैया कराने में हो रहा है। इस साल जून में वित्तीय कार्रवाई कार्य बल ने पहलगाम आतंकी हमले की निंदा करते हुए कहा था कि यह हमला बिना वित्तीय मदद के नहीं हो सकता। दीपेन्द्र और आनंद की रिपोर्ट साथ जया भारती।**

**********

मौसम विज्ञान विभाग आजु से तीनि दिन ले प्रदेस के पूरबी अउर पच्छिमी जिलन में भारी बरखा अउर बिजुली गिरले क चेतावनी दिहले हवे। विभाग के हिसाबि से पूरबी उत्तर प्रदेस में आजु अउर बिहने कुछु जगहिनि पर जबकि पच्छिमी उत्तर प्रदेस में कई गो जगहिनि पर गरज–चमकि के साथे बौछार परले आ बरखा भइले क आगम हौ। इग्यारह जुलाई के पूरबी उत्तर प्रदेस में कहीं–कहीं जबकि पच्छिमी उत्तर प्रदेसो में कुछु जगहिनि पर मौसम क ईहे हालति रही। येह बिच्चे, प्रदेस के कई जिला में काल्हि रतिये से रूकि–रूकि के मध्यम से तेज बरखा क सिलसिला जारी हौ।

**********